



Pou Piblikasyon Imedya: 20/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ POU YO PRAN MEZI POU SEKIRIZE DONE PRIVE YO

Yo ankouraje Nouyòkè yo pou yo edike ak pwoteje tèt yo kont konpwomisyon enfòmasyon pèsonèl pa yo sou entènèt pandan Semèn Konfidansyalite Done a

Premye ofisye an chèf pou konfidansyalite Eta a kreye patenarya ak ajans Eta a pou sansibilize; pwoteje kont vyolasyon done pèsonèl yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a etap Nouyòkè yo ka pran pou pwoteje tèt yo kont konpwomisyon done pèsonèl yo sou entènèt. An rekonesans ak Semèn Konfidansyalite Done (Data Privacy Week), Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Information Technology Services, ITS) Eta mete tèt ansanm ak lòt ajans eta yo pou ankouraje teknik pou pwoteje done prive yo, tankou ogmante sansibilizasyon sou manèv eskwokri, lè yo sèvi ak modpas ki solid, epi montre plis prekosyon ak enfòmasyon yo pataje sou rezo sosyal yo.

"Twò souvan, Nouyòkè yo viktim zak kriminèl sou entènèt yo paske yo pa pran mezi debaz ki nesèsè pou pwoteje done pèsonèl yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan Semèn Konfidansyalite Done a, n ap ogmante sansibilizasyon sou manèv sa yo epi n ap ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo pwoteje tèt yo ak enfòmasyon pèsonèl yo pou evite vin yon sib anba aktè san eskripil sa yo."

Apati 22 janvye, Semèn Konfidansyalite Done a vize pwopaje sansibilizasyon sou vi prive sou entènèt pami moun ak òganizasyon yo. Objektif la se edike piblik la sou fason pou jere enfòmasyon pèsonèl yo yon fason ki an sekirite sou entènèt epi ede biznis ak lòt òganizasyon yo konprann enpòtans pou respekte done itilzatè yo.

Ane sa a, National Cybersecurity Alliance (Alyans Sibè Sekirite Nasyonal), ki se yon òganizasyon san bi likratif ki ankouraje sibè-sekirite, konfidansyalite, edikasyon, ak sansibilizasyon te nonmen Eta New York kòm yon Chanpyon sou Done Konfidansyèl. Deziyasyon sa a rekonèt angajman eta a pou sipòte prensip ke tout òganizasyon pataje responsablite ke yo se gadyen konsyansye enfòmasyon pèsonèl yo.

Gouvènè Hochul te anonse tou yon agrandisman investisman eta a nan [inisyativ sibè sekirite a](#) nan Diskou sou Sitiyasyon Eta li a, ki pra sekirize epi pwoteje enfrastrikti enpòtan New York la davantaj.

Ofisye Enfòmasyon Anchèf ITS la, Angelo "Tony" Riddick, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ap kontinye pwoteje enfòmasyon pèsònèl yo epi edike sou etap pou minimize risk sibè yo pou anpeche Nouyòkè yo vin yon pwa pou vòlè done yo. Nan yon mond ki pi konekte toujou pandan mendèv la ap kontinye sèvi ak zouti adistans, Semèn Konfidansyalite Done Nasyonal la fè nou sonje etap efikas nou dwe pran pou pwoteje enfòmasyon nou yo epi rete vijilan kont sibèkrim."

Nan kad efò ki fèt nan tout eta a pou veye kont potansyèl vyolasyon done yo, Gouvènè Hochul te nonmen Michele Jones pou sèvi kòm premye ofisye an chèf pou konfidansyalite nan Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon Eta a. Li responsab pou dirije estrateji Eta a nan pwoteje done pèsònèl ak konfidansyèl Nouyòkè yo nan mitan yon ogmantasyon òf sèvis dijital ak nouvo lwa ak règleman sou enfòmasyon prive.

Ofisye an Chèf pou Konfidansyalite ITS la, Michele Jones, te deklare, "Mwen kontan anpil konsènan opòtinite pou m dirije ak kowòdone efò New York ap fè sou konfidansyalite done yo pandan Eta a ap fè fas ak nouvo estanda sou enfòmasyon prive k ap emèje yo. Pandan Semèn Konfidansyalite Done yo epi chak jou, mwen pral kontinye ankouraje tout Nouyòkè pou yo rete vijilan ak sekirite pèsònèl yo sou entènèt epi suiv pi bon pratik ak konsèy nou yo."

Aktivite sou entènèt jenere gwo tras done. Sitwèb, aplikasyon, ak sèvis yo kolekte enfòmasyon sou konpòtman, enterè, ak acha, ansanm ak lòt done sansib tankou nimewo Sekirite Sosyal ak pèmi kondui oswa enfòmasyon sou sante.

Si w pa pran bon jan pwoteksyon, sa ka kite enfòmasyon sa yo ekspozè epi ogmante chans pou l tonbe nan move men. Nouyòkè yo ka kenbe enfòmasyon pèsònèl sansib yo prive epi an sekirite lè yo:

- **Mefye imèl ak apèl telefòn ou pa solisite yo k ap mande enfòmasyon pèsònèl.** Pa janm pataje enfòmasyon pèsònèl tankou nimewo sekirite sosyal ou, pou reponn ak yon imèl oswa apèl telefòn ou pa solisite. Si imèl oswa apèl la di se yon konpayi ke ou fè zafè ak li, rele li anvan pou konfime kontak la lejitim.
- Kenbe aparèy yo ajou. Pèmèt mizajou otomatik pou aparèy ou yo ak aplikasyon w yo, tankou aparèy mobil yo. Itilize opsyon sekirite ki entegre nan aparèy ou, tankou modpas, epi itilize pwogram ki chifre done ak elimine kontni adistans si aparèy la pèdi oswa yo vòlè li.
- **Pridan avèk pwèn aksè Wi-Fi yo.** Pwèn aksè piblik san fil yo ka pa an sekirite epi yo ka pèmèt lòt moun kontwole aktivite sou entènèt, sitou si li pa kripte - asire koneksyon ou a sou sit entènèt ou an sekirite, epi pou plis pwoteksyon itilizasyon yon rezo prive vityèl.

- **Limite done pèsonèl ki kolekte pa aplikasyon mobil yo.** Limite done ou pèmèt yo kolekte sou minimòm ki nesèsè, tankou lè w limite sèvis lokal yo "sèlman lè w ap itilize aplikasyon an" epi pa pèmèt enfòmasyon pèsonèl tankou imèl yo pataje ak yon twazyèm pati. Konsidere politik konfidansyalite aplikasyon an anvan w telechaje li.
- **Fè atansyon ak enfòmasyon ou pataje sou rezo sosyal.** Evite afiche dat nesans, nimewo telefòn, adrès kay, oswa imaj ki idantifye travay oswa pastan. Enfòmasyon sa a yo ka souvan revele repons pou kesyon sekirite yo itilize pou rekonfigire modpas yo epi yo ka itilize pa moun k ap fè fwod k ap chèche jwenn aksè ak kont ak enfòmasyon pèsonèl yo.
- **Itilize modpas ki solid.** Kreye diferan modpas konplèks pou chak kont. Konsidere pasfraz ki fèt ak plizyè mo kout ki fasil pou sonje men ki difisil pou yon òdinatè devine, tankou "Correct-Horse-Battery-Staple!" Konsidere itilize yon manadjè modpas ki ka ede jenere epi estoke modpas yo an sekirite.
- **Sèvi ak repons kesyon sekirite ki difisil pou devine.** Chwazi kesyon sekirite ak repons ki pa ka devine oswa ke yo pa ka jwenn lè y ap chèche sou rezo sosyal oswa sou entènèt la.
- **Sèvi ak otantifikasyon miltifaktè pou jwenn aksè ak kont yo.** Yon modpas ak yon lòt faktè, tankou yon kòd ki soti nan yon aplikasyon sou telefòn ou, fè li pi difisil pou yo pirate kont ou.
- **Atansyon ak [manèv eskwokri yo](#).** Pa klike sou lyen, pa telechaje fichye oswa pa ouvri pyès jwent nan imèl ki soti nan ekspedite ou pa konnen. Louvri pyès jwent sèlman lè ou prevwa yo, epi lè ou konnen sa ki ladan yo.

Ofisye Sibè an Chèf, Colin Ahern, te deklare, "New York ap pran yon wòl lidèchip nan konfidansyalite ak sibèsekirite nan kad direksyon Gouvènè Hochul. Rekòmandasyon yo bay yo ka ede Nouyòkè yo pwoteje done prive yo."

Komisè pa Enterim Depatman Enpo ak Finans Eta a, Amanda Hiller, te deklare, "Lè w itilize yon kriptaj avanse, pare-feu, sistèm deteksyon entrizyon, ak lòt mezi sekirite, Depatman Enpo Eta New York la pwoteje done konfidansyèl yo ak entegrite sistèm li yo, men li enpòtan pou tout Nouyòkè yo swiv konsèy ki anwo yo pou ede pwoteje enfòmasyon pèsonèl sansib yo kont sibè kriminel yo."

Sipèentandan Depatman Sèvis Finansye Eta a, Adrienne A. Harris, te deklare, "Pandan n ap selebre Jounen Konfidansyalite Done a, nou dwe sonje enpòtans pou nou vijilan nan pwoteje enfòmasyon pèsonèl ak finansye nou yo nan sosyete dijital ki entèkonekte jodi a. DFS pral kontinye dirije nasyon an nan kondisyon sibèsekirite ak pi bon pratik pou sektè finansye a ranfòse defans nou kont risk sibè ak pwoteje done pou antite reglemante yo."

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Nou tout depann anpil sou teknoloji nou an chak jou epi pèdi aksè ak kont oswa lè yo vòlè done pèsonèl akòz yon move zak ka trè deranjan. Lè nou pran kèk etap senp, nou

ka anpeche enfòmasyon prive nou yo vin konpwomèt ak sansib vas ak sibèkrim. Nwizans minè lè w genyen diferan modpas solid vo trankilite nan lespri pou konnen ou te fè sa ou kapab pou kenbe kont ou an sekirite."

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Konsomatè yo ap itilize mache dijital la pi plis chak ane pou achte machandiz ak sèvis ki pi debaz yo. Li enpòtan pou sonje ke komodite nan fè makèt sou entènèt akonpanye risk sibè kriminèl ki ineran ki kache sou entènèt k ap chèche vòlè lajan ak idantite w nan avantaj pa yo. Jodi a nou komemore Jounen Konfidansyalite Done Nasyonal la nan raple Nouyòkè yo pou yo pwoteje konfidansyalite sou entènèt yo. Menm ti etap, tankou chanjman modpas souvan, kontribiye yon fason konsiderab pou rete vijilan pou kontrekare sibè kriminèl ak vòl idantite."

Konsènan Semèn Konfidansyalite Done a

[Semèn Konfidansyalite Done](#) kòmanse kòm Jounen Konfidansyalite Done nan Etazini ak Kanada an janvyè 2008 kòm yon ekstansyon selebrasyon Jounen Pwoteksyon Done a an Ewòp. Jounen Pwoteksyon Done a komemore 28 janvyè 1981, ki siyen Konvansyon 108 la, ki se premye trete entènasyonal ki legalman kontrenyan ki gen rapò ak konfidansyalite ak pwoteksyon done.

###

Lèt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418